



**POESAKA  
SOENDA**

**JANOEARI - DESEMBER**

**1924**

**DIKALOEARKEUN KOE  
PAGOEJOEBAN  
JAVA - INSTITUUT**

# POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

— JAVA-INSTITUUT —

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,  
J. KATS, M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d. k. Juni / 3.—  
Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . , 0.30  
Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja. . . . , 20.—  
Satengah katja . . . . f 12<sup>1</sup>/<sub>2</sub>, Saparapat katja. . . . , 7.50  
dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

## Esina P. 5. No. 7

- |   |       |     |
|---|-------|-----|
| 1. Basa Soenda . . . . .                  | katja | 97  |
| 2. Njalawat Djamdjami. . . . .            | „     | 101 |
| 3. Oerang Badoej. . . . .                 | „     | 104 |
| 4. Panalek boekoe-boekoe Soenda . . . . . | „     | 105 |
| 5. Parimbon . . . . .                     | „     | 106 |
| 6. Wawatjan Babad Galoeh . . . . .        | „     | 107 |
| 7. Bintang emas . . . . .                 | „     | 112 |

## Basa Soenda.

Objag di mana mendi, malah parantos djadi sendèn kalémékan, djadi tjatoer para sepoeh, paomongan para nonoman, pada hajang pada resep, taja lian anoe djadi panjileukan ngan tabah basa Walanda. Tina silo koe pangabogoh kabita koe pi-

hargaeunana, nja geus moal aja anoe henteu kagendam, tjoel naon tjoel naon ngan ngoedag éta.

Atoeh ari koe kitoe tèa mah koemaha henteu rèk pada resep pada pogot, da poe-goeh matih dipakèna mélèt Agoes sarana. Pèndékna soegri noe watjis basa Walanda, tinangtoe poendjoel ti batoer gadjihna, nenggang ti sasama kaontoengana, nadjan .....

Kawasna ieu tèh nganjatakeun bakatna alam jèn di doenja teu aja anoe langgeng, keuna koe robah kasilih gingsir tèa, da kapan moenggoeh beheula mah anoe djadi eupan pamèlètan tèh, sanès sang basa Walanda.

Nepi ka tomperna Windoe ka 17 sareng ka 18 na, komo sabèh-ditoeunana mah, di oerang anoe djadi mandah basa tèh, nja éta basa Djawa, malah alam kagoepernèmènan ogè mimitina mah, nja basa

Djawa kénéh anoe djadi pamor téh. Djawana téh biasana nja Djawaréh téa, sarta ti dieu ditéma koe basa Malajoe anoe djadi kaménakan téh; soerat-soerat anoe tadi tjampoer djeung kamartaraman ajeuna kalindih koe kamalajoean, komo deui ari dina dines opisil mah, geus Malajoe maloeloe, tjék rasana mah, tapi malajoena téh nja malajoe Soenda téa baé, Malajoe anoe nepi ka matak teu kaharti koe oerang Malajoe. Ana disawang bari dirasakeun, sihoréng geuning djol Djawa, ngan oekoer djadi DJAWAREH petjenghoel Malajoe, ngan oekoer djadi Malajoe Soenda, ajeuna datang basa Walanda, kawasna moal boa ngan tiba siga, tiba siga Soenda kénéh dina antoekna mah.

ngingél?

Atoeh naha maké diraropéa, da poegeh Soenda, nadjan didjawakeun dimalajoekeun diwalandakeun ogé Soenda kénéh — Soenda kénéh baé. Tjenah éta koe doeh pindah tjai pindah tampian, pindah pifeumpangan meureun enjana mah, atoech koedoe pada — pada baé, montong dipaké ngalindih: Soendana, poelasara djawa malajoe walandana piara, oelah ngogél tinggal dogdog. S. d. R.) — Ajeuna koendial Java — Instituut goemelar ka alam lahir. Ningal kana oedaganana djisim koering ngiring bingah merwata soeta, sarta teu kendat ngadoedoenga moega sing ènggal kaala boeahna, moeloes djadina teu keuna koe hama, hédjo lémbok meuhpeuj teureujeun roehroej poepoeun.

Java — Instituut anoe eukeur moeposti sagoenging poesaka titinggal karoechen baheula, ngamoemoelé sarta moelasara wedalan Soenda.

Koe ngadegna anoe bieu sareng koe oesaha pagoeron basa di Batawi, (sareng koe jasana Balè-poestaka) soegan basa Soenda téh bakal kahéar — héar moal ngawankaj teuing dipakéna bahan geusan ngoedag kamoeljaan.

Kapoengkoer parantos digérék — gérék koe Djoeragen D. K. Ardiwinata nalika pésta ngadegna Sakola Radja (Kweekschool) Bandoeng djedjeg 50 taoen, (Mei

1866 — 1916), nja éta pangadjak soepaja anoe djadi basa loeloegoe, oelah toekoech basa Bandoeng, tapi koedoe basa sa — Priangan atawa sa — Pasoendan, pisan, sangkan tambah eujeub tambah gegek, sarta ngakoe basa kosta anoe geus ilahar dianggo di oerang. Harita katingal seueur pisan, goeroe — goeroe anoe sapoek kana hodjah andjeunna.

Dina Papaés Ninoman taoen 1917 No. 6. djisim koering parantos mendak katrangan basa — basa Soenda anoe asalna ti basa deungeun. Tjing ajeuna mangga oerang kotéktak dina basa Soenda anoe kapendak sadidinten, naha éta téh pitoein oerang dieu atanapi sémah anoe nga-boeniaga.?

Kantenan ngoengkab basa mah sesah téh teuing, komo dina djaman kiwari mah parantos tjampoer bangsa djeung bangsa anoe ngalantarankeun tjampoerna basa, anoe oerang kop koe batoer, anoe batoer kop koe oerang, lawas — lawas ganti djisim, adam lali tapel, poho ka asalna tadi.

Dina prakna njarios parantos asa tjeuré basa sorangan asa basa Soenda enja baé anoe dipaké téh, sedeng lolobana mah tina basa batoer.

Tah geuning goréhél baé ketjap sedeng di lebah dinja!

Tjing atoech sing beresih njarita téh! Leungitkeun éta ketjap,, sedeng” anoe lain dina pipernaheunana téh, da éta mah basa Malajoe. Ganti baé kadinja koe „mangkaning” soegan beresih Soenda toelén.

Hih, apan „mangkaning” mah basa Djawa!

Ganti deui atoech koe „pada hal”!

Har, atoech kénéh — kénéh baé éta mah oerang alas peuntas, komo beuki djaoeh, da djeung dilambon koe oerang Hadaral-maot sagala „padahal” mah!

Koe naon atoech digantina éta sedeng di dinja téh, bet ieu lain ieu lain; tjing koe inghalé soegan?

Aéh — aéh naha bet boelak — balik dekok, los deui ka Bagelén, apan inghalé mah Djawa kénéh, haleuangna ogé geus „djamoe — gandrang”! (Dina basa Djawa ketjap inghalé téh ngan woengkoel di-

دك

II noy

anggo dina kitab — kitab agama, ari dina njarita mah biasana „mangka” anoe dianggo. S. d. R.)

Tah, dina saketjap ogé geuning paran-tos rambat kamalé, sakitoe sesahna ngoengkab basa mah. Ari sajaktosna dina lebah dieu mah taja lian anoe koedoe di-sasar katjaba ti oerang kedah tabah kana golongan — golongan Soenda, anoe pima-kéun éta basa, da larapanana basa mah teu béda ti kana raprapan nganggon-panganggo sasoeroepanana — sasoeroe-panana, pada masieup andjeun ka mana kaomna, ka mana lojogna.

Eta ketjap sedeng, manawi anggoan para nonoman anoe sok maraos serat ka-bar Malajoe, kabaoed koe rasa Padang. Mangkaning kawasna warisan Mataram, ari padahal mah doeka ti iraha di oerang-na.

Inghalé moal lepat djolna ti pasantrén katépaan kitab — kitab basa Djawa dina mangsana ngoelik agama, kaised — ised kabawa koe santri ka tengah.

Geura tjing koemaha éta ketjap ketjap teh lamoen kieu, — meureun saer boe-djanga Soenda — oerang biasakeun ganti deui koe ketjap saenjana, éta mah kawasna Soenda toelén

Boa, kètah Soenda toelén sotéh, boa lantaran geus lila teuing baé boeboearana di oerang siga pitoein sotéh, nepi ka geus teu kasoesoed raratanana.

Ari margina, dina basa Arab (Koer'an) aja ketjap INNA, méh sarimbag apan sa-reng inja atanapi enja téa, toeroeg-toe-roeg hartosna deui INNA téh nja sami sareng saenjana téa

Dina koerän aja ketjap „indika” ari hartina héor — héor kana andika, ari hartina indika téh: ti andjeun. Moal andika tina indika mah, kitoe?

Dina basa Arab aja ketjap TARA-DJIL, hartosna: leumpang badarat, ari dina Soenda aja ketjap taradje, paranti leumpang ka loehoer, toeh siga asana! moal kitoe éta taradje téh oerang Madinah?

Dina boekoe T. Wellij kasebat: Ta — cheng, asal basa Tjina, sok aja ogé anoe njebat da — cheng; da hartosna gedé, cheng hartosna timbangan, djadi hartina-

timbangan gedé; ana dioenikeun koe Soenda djadi DATJIN. Asa anoe oerang baé ari geus djadi datjin, mah!

KONGSI, ieu basa Tjina kénéh; Kong, hartina: djelema loba; ari si = kapala Djadi kongsi téh hartina: kapalana djelema loba.

Di Tjimahi mah éta ketjap kongsi téh dianggo kana „patempatan”, malah ajeuna mah dianggo panglandih pagadéan. Naha éta kitoe pédah pagadéau sok dipak koe bangsa Tjina, baheulana?

Tina lamina oerang tjampoer sareng Tjina, soepsep basa Tjina dianggo ngalambon basa Soenda; Toekang atji di désa Tji-panas, Tjiledoeg Pasirhalang dj. s. t. anoe sok ngadjaroelan atji ka Tjina, geus emboeng maké ketjap goréng kana atji, diganti koe hésaj, tjara djongos djeung koki oerang Soenda, njeboet dahar ka Walanda (doenoenganana) koedoe baé diganti koe „makan”. Malah ajeuna mah dibiasakeun maké ketjap: kerdja deui.

Oepama oerang nanja ka toekang ngadoe hajam: Koemaha meunang hajam téh?”

Ana ngadjawab: „Wah bolaj!”

Ketjap bolaj manawi tina bho = henteu, sareng laj = djadi

Golongan éta mah ana milang doeit, geus emboeng maké seténg, sabaroe, tapi ngalemah koe basa Tjina téa: Satjap toen = f30. Tjetoen poah = f1,50

Tjekau = f 2.50. Gogin = f 0,50. Tje-toen tjeta = f 1,25

Poatoen = f 0,50 dj. s.t.

Geura koemaha feu deuk téréh roentag, da oerang Soenda rampag di mana — mana kamegahan ana bisa NGAROEKSAK ANOENA; dibalik lemah téh saenjana.

Djol deui bangsa wedalan pasantrén, ahli ngadji ngoelik kitab, ana gempoengan djeung pada Soenda, peledék seungit madjemoe, moengsrat — moengsrat da hajang pasèhat, gèrèngsèl koe basa Arab, tampolana njeboet kapoek ogé gafoeq.

Geura dangoekeun :

Koemaha Hadji Djén tèh geus tasdik ngadjina?

Ana ngadjawab : „Wallohoe 'alam nja-ho ogè lain ainal jakin!”

Lapad sareng dalil teu meunang tinggal, madjar tèh lamoen teu kitoe, teu ledok, asa tjawèrang asa tjamplang tjenah, moen ngibing mah magah asa teu digoongan.

Koemaha ari ajeuna?

Gentos lalakon saketjap ka doea ik, dièngklokan koe Zeg, norotos perteges paselang djeung **bedoel belang**. Kapan **alge-min belang**, ègen belang, ik **bedoel**, kedal oenggal keur gempoengan.

Koemaha **mijn vader** silaing geus datang ti Batawina? God zeg, ik mah teu boge sapesèr — pèsèr nog niet! Ah jamer, ik harita telat teuing, niet optèt. Allah boelan ieu mah minoes sèh!

Ka — bèh — dieunakeun **perteges** tèh makè kaèmpèr — èmpèr ka ki dalang wajang, si Tjèpot ngomong perteges, si Dèwala ngomong Hokjan, Kalanjoengir battjèò ngomong Malajoe, Ki Togog basana Djawa, dipasieup kakawèn koe basa Kawi, tjarita dalang koe Soenda, . . . . amboeing! Ari dalang wajang tèa kapan moenggoeh di kampoeng mah, nja èta REDAKTOERNA, teu pati bèda ti soerat kabar, ngan ieu mah soerat kabar ditamboel.

Ana inget deui kana poko djalan kamegahan, kapan ngan aja doea anoe djadi babakoe 1e kamegahan doenja, 2e kamegahan agama (ahèrat).

Geusan ngalaksanakeun èta anoe doea roepa poepoedjan tèa, koedoe baè ngaliwat heula basa deungeun, nja èta: pakarang anoe matih geusan ngoedag kadoenjaan nja basa Walanda, ari geusan ngoedag kabatinan (agama) nja basa Arab, saboetoezna koedoe koe Djawa; mana Soendana?

Beu, olokodohok oerang mah kabèh ogè matak belot ari dina harti anoe ilahar mah!

Oejoehan.....basa Soenda mah!

(Malah aja antèkna, nepi ka aja anoe ngira jèn basa Soenda mah lain — lain atjan basa. Nja èta nalika K. Toean Holle sasaoeran ka hidji Boepati, ka hidji Dalem, di dieu di Pasoendan, kieu saer Toean Holle: „Ajeuna Rad. Hadji Moehammad Moesa, Panghoeloe Garoet keur ngarang boekoe basa Soenda.”

Barang èta Dalem ngadangoe saोजना T. Holle kitoe bangoen kagèt naker, pok

sasaoeran: „Wah moal enja Toean, sebab itoe omong Soenda boekoe basa!”

Tah dongkap ka kitoe! Teu aroeninga-eun jèn oerang Soenda geus barisa njarieun boekoe ti baheula kènèh..)

Tapi ari maido teuing mah henteu koe-ring ogè ka anoe tambèlar kana basa Soenda tèh da nja èta ngalirik ka diri sorangan, sok kalahka haget gedè angkoh hajang kieu hajang kieu sangkan basa djeung bangsa Soenda djadi madjoe, tapi ... koelahèk baè katerap kasawat teu tjèèh; geus baè disalindiran koe baroedak:

„Kapan hoedjan kapan djeblog, kapan papajoengan baè;

Kapan palaj kapan dolog, kapan sok rajoengan baè.

Aèh — aèh naha bet koering kamalianaan ngawangkongkeun sosompang, apan anoe keur ditjaritakeun tèh hartina ketjap tèa. Geura oerang malikan deui hantja tadi.

Ketjap **palita** geus kaoeninga koe sadajana; tapi dina basa Arab aja ketjap **fatihah** hartina **singsim**, siga naker **palita** tèh asal tina **fatilah tèa**. Eta kasakit sok patoe-keur tempatna aksara, heula pandeurina, geus biasa di oerang mah, kapan: **kétjlak** sok djadi **tjèklak**, **kèlor** djadi **kèrol**, **beung-har** sok djadi **beuhngar**.

**Patiman** asalna ti tim dirarangkènan pa djeung an. Djadi saenjana mah **patiman** tèh **paranti ngetim** (njeun sangoe tim). Ari **tim** bèdjana oerang Hongkong.

**Palawidja**, asalna basa Sangskrit **phala-wijaphala** = boeah, ari **wija** = widji = siki

**Poeasa**, ieu ogè **basa Sangskrit** kènèh, asalna **upawása**, **upa** = tina **perkara**, ari **wása** = **tjitjing** **teu obah** **teu dahar** **teu leueut**.

**Pondok**, hartosna aja dcea, 1 teu pandjang 2 tempat santri, tempat madjik. Harti kadoea kawas lain pitoein oerang dieu, ari margina dina basa Arab aja ketjap **pondok**, hartina **hotèl** atawa **losmèn**. Toeh tetela sasoengapan **pondok** oerang sareng **pondok** Arab tèh.

Oepami koe oerang dihaben dikotèktak, engkè tangtos boèhbèh basa anoe lain pitoein oerang dieu tèh, tapi.....ari ajeuna

ngan perloe koe oerang kaoeninga, soepaja oelah ngagèmbang — gembang ka anoe ngalenjapan rasana basa Soenda, oelah djadi panghalang ka anoe keur njoektjroek galoerna karoehoen, njasar raratanana kasoendaan.

Ana ningal kana gèrèngsèlna basa kosta dina Soenda paingan aja anoe ngirataan ketjap soenda tèh madjar ringkesna omongan : Soesoenan segala basa jang ada

Panoetoep pihatoer, moegi — moegi baè basa Soenda woewoeh reugreug woewoeh pageuh, pada ngaloesan pada ngaloesan, sangkan nandjoeng daradjatna.

Koe Djoeragan Danoemihardja mah diradjah kieu :

#### KINANTI:

Pitik toelak pitik toekoeng,  
nja noelak si basa mami,  
ngadjaoehkeun panggodana,  
awonna masing njalingkir,  
si toekoeng djoeroeng sakersa,  
si toelak anoe ngalingling.

Basa Soenda noe saèstoe,  
panoetan Pasoendan pasti,  
diraraksa koe boedjangga,  
didjaring koe para wargi,  
sarati noe ahli basa,  
miwah nonoman binangkit.

Ngabangkit Soenda sing moeloes,  
di Pasoendan ngadjalingdjing,  
sing ngirot sagala bangsa  
maroehit loeloet miasih  
asih kana basa Soenda  
pamedaran èlmoe watjis.

Neda hapoenten  
M. Tanoewisastra.  
Malangbong P. K.<sup>1)</sup>

<sup>1)</sup> Disaroengsoem koe S. d. R.

### Njalawat Djamdjami Kenging Esin Engka Widjaja.

Anoe disèbat djamdjami tèh (salawat Soenda) djaman ajeuna mah langka dianggonna; doepi bangsana: marhaba, moe-

loedan sarèng gondang, pada aja noe nja-  
oeran sarèng dalangna. Tatabeuhanana te-  
rebang. Nabeuh dibaroeng koe ngawih,  
atawa tepak terebang dianggo panèmpas  
kawih. Ngawihna ngaleu palambat lambat  
patarik-tarik tjara anoe beloek, anoe mi-  
miti dalang heula. Ajeuna ieu di handap  
diserat.

#### No. 1 Noe njaoran.

1. Oelailah hailèloh, dari oelailah hailèloh Moehamaddoerasoelah, Nabi Moehammad kakasih Allah. (Bring, toeng, toeng, toeng bring).

#### Dalang.

Pitoeng tahoen imoekinto, dari pitoeng tahoen imoekinto lawas bakti ing lakinè Nabi Moehammad kakasih Allah.

#### Noe njaran

Saertos tadi (No. 1)

#### Dalang:

Djantranipoen imoekinto, dari djantranipoen imoekinto, djantranè panoeroes boelan, Nabi Moehammad kakasih Allah.

#### Noe njaoran :

(Sapéntos tadi keneh).

#### Dalang.

Kisinipoen ikoeminto, dari kisinipoen kinè pantjering, iman, dari Moehammad kakasih Allah.

#### 2. Noe njaoran

Ajoen ambing lila njaring, jadoe jalah lila njaring, alah tobat mana njaring koe disanding, ajoen poentang lila hoedang, jadoe jalah lila hoedang, alah tobat mana hoedang ngadjak poelang.

#### Dalang.

Tjarita Nji Lokatmala, jadoe jalah Nji Lokatmala, kidoengdoeng ahli ngawoela. wadon moenggah sawarèga.

#### Njaeran.

(Sapéntos tadi no. 2).

#### Dalang

Mana moenggah sawarèga, alah tobat bisa mindingan risina, bisa meungpeukan badeurna, bisa ngalaan badeurna.

*Noe njaoeran.*  
(Sapertos no. 2 kènèh).  
*Dalang.*

Noe bédang teu kanjahoan, alah tobat lamoen imoet pangiroetan, moen olah panambaj manah, moen tingkah matak sangangah.

3. *Noe njaoeran.*

Ajoen ambing lila njarang, ajoen poentang lila hoedang, si njai toetoer diajoen, si njai ajoen-ajoenan, geura sarè njai sapopoë.

*Dalang.*

Larangan Nji Lokatmala, oelah keupat koe ti kèntja, manana dilarangankeun, matak hambar kaolahan.

*Noe njaoeran.*  
(Sapertos tadi no. 3).  
*Dalang.*

Larangan Nji Lokatmala, oelah diangir di Kémis, noe matak dilarangankeun matak ngèlèhkeun tjarogè.

*Noe ngaoeran.*  
(Sapertos tadi kènèh)  
*Dalang.*

Larangan Nji Lokatmala, oelah njeupah seureuh boedoeg, manana dilarangankeun, matak lali diimpian.

*Noe njaoeran.*  
(Sapertos tadi kènèh).  
*Dalang.*

Larangan Nji Lokatmala, oelah meuleun kètan haneut, manana dilarangankeun, matak panas angèn deungeun.

*Noe njaoeran.*  
(Noe tadi kènèh).  
*Dalang.*

Larangan Nji Lokatmala, oelah njeupah dihompèt koe lètah, manana dilarangankeun, matak kapetolan njaoer.

*Noe njaoeran.*  
(Satadi kènèh baè).  
*Dalang.*

Larangan Nji Lokatmala, oelah sarè di boelan gèdè, manana dilarangankeun, bisi kaoendoeran tjahja.

*Noe njaoeran.*  
(Masih noe tadi kènèh baè).  
*Dalang.*

Oelah mandi soeboeh teuing, bisi sieun di djalanna, manana ditjatjarèkkeun noe konèng njangkèrè kènèh.

4. *Noe njaoeran.*

Roentjik manik èta tèh dirèntjang omas, alon-alon pilonglonan, tobat teuing-tobat teuing, noe èndah di kadjoearan.

*Dalang.*

Anggoan Njai Lokatmala, samping tjin-dè pikeun sarè, samping bodas pikeun sèba, tobat teuing-tobat teuing, pikeun sèba ka Pangèran.

*Njaoeranana.*  
(Satadi no. 4).  
*Dalang.*

Anggon-anggon Lokatmala, dipoepeok boentiris nahoen, diketjer laleur sakoerèn, njingkahkeun wisaja deungeun.

*Noe njaoeran.*  
(Sapertos tadi).  
*Dalang.*

Alon-alon jalah dilonglonan, teu kasandoeng alon, jalah dialon-alon, moen kasandoeng-moen kasandoeng, badan aloes sarta irian Rasoeloelah.

*Noe njaoeran.*  
(Satadi kènèh).  
*Dalang.*

Nji Roepanè jalah Nji Roepanè, roepanèrè jalah 'ta Nji Roepanè lèngking-lèngking kadi halis widadari, Rasoeloelah.

*Noe njaoeran.*  
(Sapertos tadi kènèh).  
*Dalang.*

Nji Roepanè jalah Nji Roepanè, lènggak lènggak kaping opat wèlas Rasoeloelah.

*Noe njaoeran.*  
(masih sapertos tadi).  
*Dalang.*

Nji Roepanè anang sawarèga salata, Nji Roepanè mendoeng-mendoeng kadi lajoeng-toenggang goenoeng, Rasoeloelah.

5. *Noe njaoeran.*

Peungpeung hoerip Soetji ana badan nira, iléloh. Ja wali ja moemin iléloh, ja Allah ja Rasoelolah.

*Dalang.*

Koentjang-kantjing pagër wési, moeka-keun lawang pangrasa, damar moeroeb kaanginan, mangsa moeroeb-moeroeb mati.

*Noe njaoeran.*  
(Sapèrtos tadi no. 5).

*Dalang.*

Poma dèk wèdi koe nabi, poma dèk borang koe Allah, mangka soekoer animatna, sing sabar dibalahina.

*Noe njaoeran.*  
(Sapèrtos tadi).

*Dalang.*

Noe hoerip mangka prihatin, hiroep mangka satoehoena, loemakoe badan sorangan, toetoerkeun saोजना goeroe.

6. *Noe njaoeran.*

Kikis ngélir djaro djati, toedarieung saralah pangélmoe baè, Toehan toeloeng tinoloengan, toedarieung badan aloes sarta iman.

*Dalang.*

Janabi saloemolè, alah tobat salawatoloh alaèh, tiwajoenan lahoel barkat alah tobat, koeloeman alajadi.

*Noe njaoeran.*  
(Sapèrtos tadi no. 6).

*Dalang.*

Ja nabi ja moeslimin alah tobat ilmoehoe jamarjakin, anarobal alamin alah tobat ipèrdan saloemole.

*Noe njaoeran.*  
(Sapèrtos tadi).

*Dalang.*

Janabi doelkaloeroes, wadikroekoe ja djlanoempoes, anasali walmaddjoes islamoe alajadi.

*Noe njaoeran.*  
(Noe tadi kènèh).

*Dalang.*

Meungpeung hoerip soetji kana badan nira iléloh, jèn woemati soetji kangden

soetji aken, ja wali ja moemin iléloh, ja aloh ja Rasoelloeloh iléloh.

*Noe njaoeran.*  
(Noe tadi kènèh).

*Dalang.*

Ana dagang, dagang toena iléloh, parandèna andoem bati iléloh, batina maring Pangèran iléloh.

*Noe njaoeran.*  
Noe tadi kènèh).

*Dalang.*

Sirajoen ambatian iléloh, batina dagangan ingsoen, iléloh, sosotja intèn bidoeri, iléloh.

*Noe njaoeran.*  
noe tadi kènèh baè).

*Dalang.*

Manrnanè dagangan ingsoen iléloh, sosotja intèn moeljadi iléloh, ja aloh ja Rasoelloelah iléloh.

7. *Noe njaoeran.*

Oelailah doeha iléloh, ja Allah oelailah, oelailéloh Moehammad Rasoelloelah rëndi, rëndi doeha iléloh.

*Dalang.*

Parandosa doena ing doenja Allah; Allah parandosa ina ing doenja dosane atinggal salat rëndi, rëndi doeha iléloh.

*Noe njaoeran.*  
Noe tadi no. 7).

*Dalang.*

Parandosa doena ing doenja, dosane anginoem sadjéng rëndi, rëndi doeha iléloh.

8. *Noe njaoeran.*

Tang kolèntang, kolèntang kembang solasih, Soeltan Nabi Adam nja Toean hëmbang solasih.

*Dalang.*

Kakang ing wong lanang djaloek toeloeng saledo baè, pikeun naon sia, mèrè angeun pinggan baè.



*Noe njaoeran.*  
(Noe tadi no. 8).  
*Dalang.*

Kakang ing wong lanang, djaloek toe-  
loeng saledo baè, pikeun naon sia, mèrè  
kèdjo boboko baè.

*Noe njaoeran.*  
(Sapèrtos tadi).  
*Dalang.*

Kakang ingwong lanang djaloek toe-  
loeng sadelo, pikeun naon sia mèrè oejah  
pi Sin baè.

*Noe njaoeran.*  
(Noe tadi kènèh).  
*Dalang.*

Kakang ingwong lanang djaloek toe-  
loeng saledo, pikeun naon sia, mèrè oemat  
pipi baè.....  
Sarèng seueur deui bangsa noe kitoe. Prak  
na djamdjami salamina dikawihkeun raos  
pisan.

Atoeranana teu kèdah mèrèlè ti no. 1  
ka no. 2 sarèng satèrasna, ti noe mana  
ogè kènging baè asal lèrès, sarèng ning-  
gang lagoena.

## Oerang Badoej.

I.

*Moela nagara Badoej (1).*

Tjèk tjaritana karoehoen kieu: beuheula  
djasa èta di nagara Badoej leuweung kosong  
serta soeni.

Tilok djasa kaambah koe djelema, sabab  
dina mangsa harita tatjan pati loba djelema.

Tapi ari loeloegoena mah geus ditetepkeun  
koe noe Koewasa, Mimiti njieun djelema ogèh.

Ari di Badoej nja èta ti Batara ka hidji,  
toeroenna ka Batara toedjoeh, nepi ka da-  
leum lima, ladjoe ka kiwari.

Malah di nagara Banten ogè harita kosong  
kènèh ngan kakara aja hidji doea djelema  
baè noe sakti ngadon tatapa, hanteu tjara  
kiwari rea samarang djelema.

Bareng keur mangsa mimiti ngislamkeun  
di tanah Djawa, nja èta di Padjadjaran,

(1) Kènging njoetat tina panglajang Bat. Gent  
van Kunsten en Wetenschappen.  
Basana, basa soenda Banten.

tjaritana èta ratoena teu daèkeun islam,  
djeung doeloerna hidji ngaranna Poetjoek  
Oemoen ngahiang ti nagara Padjadjaran.  
Ladjoe èta ratoe ngagèdog awak; ngadjadi-  
keun roepa manoeuk bèò, teroes maboer ka  
awang-awang hajang njiaran tempat anoe  
soeni.

Beurang peuting henteu kedat-kedat ang-  
katna.

Ladjoe baè ngalajang noongan pitempateun.

Ana nepi ka Banten, nja èta ka nagara  
Tjibadoej tèa, manggih leuweung soeni  
serta batoena rèa tarèngtong keusik-keusik  
araloes; djeung èta leuweung lega djasa.

Tilok aja anoe ngeusian kadjaba satoe  
berhala leuweung kajaning maoeng, badak,  
bagong djeung rèa-rèa deui, oraj-oraj anoe  
galedè noe laleutik sapangeusining leuweung.

Di dinja ratoe deuk ngalereb djeung doe-  
loerna anoe ngaran Poetjoek oemoen.

Teu kebel, ana ngalongok ka bèh lebak,  
aja waloengan gedè, tjaina beresih djasa.

Ladjoe diana mandi di dinja.

Ana mandi ratoe leungit djamangna noe  
roepa bèò tèh, gilig deui roepa manoesa.

Ladjoe èta tjai dingaranan Tjibèò nepi  
ka kiwari.

Sanggeusna mandi, ladjoe poelang deui  
kana tempat noe rea batoe djeung keusik tèa.

Di dinja koe ratoe dingaranan Tjikeusik,  
serta taretep Ratoe djeung doeloerna ma-  
bakan.

Mana ngaran Tjikeusik nepi ka kiwari,  
nja ti mangsa harita tatkala ratoe mabakan.

Ari èta ratoe, tjaritana, toeroenan ti  
sawarga loka ngaraton di Padjadjaran.

Kebel-kebel ratoe teh baranahan pirang-  
pirang nja mabakan deui dina leuweung  
bèh hilir. dingaranan Tjikerta—wana nepi  
ka kiwari.

Anoe matak dingaranan kitoe, sabab mi-  
mitina ramè di dinja nja èta hartina: kerta,  
ramé (\*); wana leuweung. Ti dinja teroes  
toemoeloej nepi ka kiwari, tapi dina hidji-  
hidji tempat ngan diwidian opat poeloch  
koeren.

Demi paonamanana oerang dinja, lamoen  
aja satoe galak, maoeng bagong banténg

(\*) Kerta sajaktosna sanès ramè, tapi: sepi  
paling soewoeng roesoeh, pangeusina soeka-senang,  
titingalan halalègar. (S. d. R.)

atawa oraj, teu ilok diperegasa, koe bedil, ngan bibeberik baé.

Moen tatjan beunang mah, teu weleheun beberik, djeung moen geus kasoesoel, ladjoe digeloetan baé djeung maké gobang atawa paneunggeul.

Mana nepi ka kiwari teu ilok aja satoa leuweung béak koe oerang Badoej dialaan.

Ari diinditkeun ti dinja, moen aja anoe maling paré, atawa wani heureuj njabak soesoe atawa pipi tjawéné, sok diinditkeun, ari pangboeangana ngaranna désa Nangka-bengkoeng.

Djeung deui oerang dinja lamoen boga anak geulis teu ilok dilarangkeun, asal alakina mawa papakéan baé pakean awéwéna djeung tjoetjokoelan boemi saperti: paré, hoei, tjaoe djeung sedjén ti dinja, beunang makaja téa. Ari doeitna ngan oekoer doea poeloeh lima sén geusan ka noe ngawinkeun, nja éta poeoen.

Ari anoe didjieun minangka ratoena di dinja nja éta geurang poeoen.

Ari anoe didjaga koe oerang dinja, tilok aja ngan para boejoet patjadoean-patjadoean.

**Panalék boekoe-boekoe basa  
Soenda.**

Menggah di bangsa Eropa, parantos dja-di kabiasaan oepami aja boekoe-boekoe anoe nembè dikaloeuarkeun, saparantosna ditaralèk diboelak-balik, sok ènggal didadar dina serat-serat kabar dina poestakamangsa, koe anoe ngamoedina atanapi koe noe lian anoe aja kapanasarananna hojong medar noe nembè medal tèa, koemaha timbanganana boh basana boh eusina. Koe djalan kitoe, soegri noe djadi langganan serat kabar sareng poestaka mangsa tèa, iasa aroeninga ti anggalna kana wandana boekoe-boekoe anoe alanjar, lantaran geus didalangkeun heula tèa saé awonna pimangpaateun henteuna; nepi ka dina aja djorodjojna manah kersa mileu () leuheungkeun, geus poegoeh pamilih henteu didoega koe soesoengan, dirarampa diparah teuing, anoe toengtoengna sok radjeun matak handjeloe, rèk asa moebah natamboeh ipekah teu poegoeh.

Koe margi ajeuna boekoe Soenda parantos ninggang di oesoem, nadjan teu atjan tjeujah tapi papatjal mah rèk nindak di andjrah, sedeng naker oepami Poesaka Soenda djoemoeroeng ka anoe karagoengan hadas, ngiring medar boekoe anjar, anoe saé sing kaoeninga saèna, anoe awon sangkan tèmpong awonna, balaka sahinasna moal aja kiloeng paminding.

Perloe naker Poesaka-Soenda anoe ngaloeloeogoeunana, da moenggoehing anoe lian mah ana ngabobot Soenda tèh, radjeun soelaja tina enjana, lantaran pasaling-singan pamilih, teu timoe dirasana sambel medok; pentil hiris kepokan roaj-koeroepoek, pagar peuheur madjar keutar horèng létah lain dina perenahna, Ana niroe njetjol sambel, rambisak tiboeboerandjat. Geuning boekti aja anoe ngareuweuh-reuweuh kana tjarita Soenda, boekoe Endèn Sari, Endèn Retna sareng sadjabi ti éta, madjar kitoe madjar kieu, ari èstoena mah taja lian, ngan rasa noe patoekang-toekang.

Geura, mangga ajeuna mah oerang pedar oerang talèk baé boekoe-boekoe anjar teh hidji-hidji. Ngawitan ngawajangkeun:

1. BADINGKOET, boekoe karangan M. Sastraatmadja, ka-loearan Balè-Poestaka Weltereden, Sri N. wedalan taoen 1923.

*Eusina:* Njaritakeun adat kabiasaan alam ka toekang-toekang, pase-lang djeung panoengtoen roekoen, dipapaèsan koe dongèng. Anoe djadi loeloeogoe, rioengan Ama Barkat djeung kantjana, wangkong kolot patema djeung noe ajeuna, ana ditempas koe sempal goejon Oedjang Totong.

*Basana:* Basa kolot, teu maké diraèh koe tèplakan, èstoe sahinasna anoe njarita baé, anoe matak ngeunah ka oerangna tèh, merenah kana rioenganana.

Ieu boekoe èstoe loetjoe, asa njaba ka baheula, asa ngarioeng di lemboer, soeroep

panoendoeng toendoeh, tina asa di kieuna brèh miloe gempoengan, miloe soeka seuri, malah tampolana mah kapaksa akej-akejan sorangan.

Moal boa, ninggang repok Padaringan-kebek geura djeung anoe ngagaraleuh tèh; loeang njangsang lain koe pamaksa deui ongkoh!

## 2. VOLKSALMANAK SOEDA, taoen 1924, kaloearan Balè Poestaka Weltevreden.

*Eusina:* Roepa-roepa anoe perloe dikanjahokeun koe oerang, saper-tos: Atoeran perdjalanana dja-maah, anoe rèk maroenggah hadji, Masakan-masakan; oe-bar-oebaran; atoeran paga-dèan, piwoelang ploeangeun; Samboengan laiakon Tjoeng Wanara; geus poegoeh deui ari boelian tanggal sareng sanak-tana kabiasaan almenak mah.

*Basana:* Sahanteuna da ditalingakeun koe saratina, nadjan aja hidji-hidjieun anoe moelos, noe matak ngagetroeke moen ngagetroeke tèa mah, tapi nja teu sakoemaha, sakitoe mah mokaha baè. Ari koe kitoe tèa mah rek aja noe pating galasroeke oge meureun, dina almenak mah, di hoeloe-wotanana lain hidji tjor ti dieu tjor ti ditoe, aja anoe hèrang aja anoe sarahan, pantes rèk teu kasaring kabèh oge, ngan masing tambah imeut baè ka pajoenna, bilih madjar mi-roetjaan.

Tapi ..... eusina mah lain loemajan, rèa anoe goena geusan obor loemantoeng di taoen pajoen (taoen 1924).

Aki-aki koendang iteuk, mokaha oerang mah moen koendang almenak Balè-poestaka.

## 3. *Manoek hiber koe djangdjangna.* Boekoe kaloearan Balè-poestaka, kènèh. karangan Rd. Gandaadinagara

*Eusina:* Njaritakeun hidji boedak anoe tawekal ti sakola handap tepi ka bisa tamat sakola loehoer, sarta ahirna bisa njekei gawè matjakal. Tjarita Eropa dieunteupkeun ka Soenda.

*Basana,* langkoeng ti sakitoe mah kedah koemaha deui.

Ngan ..... matak handjakal, rèh biasana anoe parantos-parantos, boekoe-boekoe anggitan Rd. Gandaadinagara tèh, salinan tina basa Walanda babakoena, teu aja pisan heumna, soeroep merenah ngara-reunah, èstoe loeje pisan tina eusi kana basa tèh. Geura saper-tos koe tjarita Siremi, kapan saha anoe teu kapintjoet; tjarita Genoveva sakitoe keunana. Ari ieu... bet soelaja tina rasa, saer Toean Hekker tèa mah kapoengkoer nalika andjeunna djadi goeroe di Kweekschool; ngaroedjak sentoel; malah ting galetroeke ting galasroeke; èta koe Eropa di ka Malabarkeun, ngeunteupkeun Walanda ka Soenda, teu ninggang pipernaheunnana, soelaja tina adat kabiasaan. Geus baè matak salah sangka madjarkeun tèh: „diropèa”.

Disoehoenkeun ka sadaja anoe ngaloearkeun boekoe-boekoe, oepami boekoe na hojong dipedar dina Poestaka-Soenda, soepados ngintoen boekoe na ka Redaksi P. S. di Salemba 28 Weltevreden.

## „Paririmbon”

*Asihan-kinasihan sareng djangdjawokan*

### I

Araning doejoeng Nji Rarakasihan di noesa Tatang; poetra Patih Wirandane, nagarana di Padjaran; iboena Nji Ambet kasih, nagarana di noesa Tambini. Minjak hakim maléla tembah ratoe tegoehe goeroeh loeloet dèwa asih kinasihan dè-nèng Alloh, sih asih asih Dèwi Rajoengwoelan, poepoetra Indrawoelan, poepoetra Kantjanawoelan; indang asih arèp kongkon marang goeha garbanèsih woelak-walik, asih-asih ka awaking.

II

Enèk-ènèk sarangèngè awaking ngalahoen boelan, Djoeragan Datoe kasèp sorangan, ngahioeng bangbara toenggoel, ngahèang bangbara tjabat, njeuseup sari doehoeng sari lampoen, sari gempu maniaja, lain njeuseup sari doehoeng sari lampoeng, njeuseup sari si itoe, mandah rasa si èta, maän sari ka awaking. Noe ngarioeng djiga loetoeng, noe ngadjadjar djiga odjra, noe ngarèndèng djiga monjèt, awaking kasèp sorangan, malik nènèh malik sanèh malik wèlas karoenja ka aing, ja aing ratoe asihan di boeana pantja tengah.

III

Hadji toeroen hadji kaloengsoer, tjabat maja lèka maja, awakkoe batan djala djawata ngadjalantara, dideuleu ti hareup sieup, ditilik ti gigir lenggik, mangka sieup kana peunteu, mangka lëndjang ka salira, da aing ratoe asihan di boeana pantja tēngah. Malik nènèh masih sanèh ka awaking.

IV.

Asihan aing asihan batoe, beunang goeroe ti ratoe, bennang nalèk tina hatè, mangka itoe ngaloempoeroek sapèrèti oepih boeroek, ngalangkarak sapèrèti majang ragrag toenggal wèlas toenggal asih sia ka aing, nja aing ratoe asihan.

V.

Asihan aing asihan Nabi Soelaèman, indoeng sia nabi, bapa sia rabi, sada gèdig koemirintjing, sada gèdong koemoron-tjong, noesa tigang poeloeh kairoet, bagawan sawidak lima katéang.

VI.

Asihan aing si toendjoek tjoeroek, tandak-tandoek kali mangkoek, djalan ka pandagan boeroeng, tandang boeroeng leumpang, matak boeroeng kalakoean.

VII.

Deuleu-deuleu pindah ngadeuleu, dèngè dèngè pindah ngadèngè, malik nènèh malik sanèh sing wèlas sing karoenja ka awak aing.

VIII.


Tjoeroek aing tjoeroek angkoeh, bisa ngangkoeh poetra ratoe, bisa ngèmban poetra mènak, poetra mènak kabaringkoes kabantjana kabantjani, mangka djaoeh ti indoengna, mangka anggung ti bapana, mangka meulit ka peudjitna, mangka njèrèdèt ka hatèna mangka ngalèmnaj ka bajahna, mangka wèlas mangka asih, mangka rèrèt sorèang, sorèang ka badan awaking.

IX.

Deuleu aing deuleu dangdeung, sekitjeup kabantjanakeun, malik deungdeung malik nineung malik wèlas malik asih sih asih si-itoe ka awaking.

X.

Imoet aing Sang Paraboe Tadji, seuri sia mangsing raos, kajoe sia lilintoengan, atma sia lèlènjapan, mangka wèlas mangka asih, sih asih ka awaking sia ..... (- sebat ngaranna).



(Ti pada ka hidji dongkap ka 12 henteu diserat).

(1-12) 13

Ieu ditjaros deui  
Ratoe Galoeh ditjarita,  
kèrsana rek ngalalakon.  
Ngèrsakeun njeun nagara,  
ngaran poerwa tjarita,  
di Lakbok anoe didjoegdjoeg  
ngandih noe ngaran Noerasa.

14

Noerasa poetrana nabi,  
eta noetoerkeun ka wajang,

(1) Beunang njoetat tina Panglajang Bat. Gen v. K. en W.

*Handwritten notes:*  
Galoeh  
Wawatjan  
K

*Handwritten:* II 1307

wajang keur teu tararembong,  
waktoena djadi siloeman,  
teu tembong koe manoesia,  
mana noesa Djawa soewoeng,  
taja noe bisa ngeusian.

15

Ratoe Galoeh enggeus linggih,  
djadi ratoe noesa Djawa.  
Wajang toeloj eleh kabeh;  
teu aja katjaritana.  
Nagri langkoeng moelia.  
reugreug pageuh hamo nimoe,  
saperti nagar eta.

17

Katjarios tanah Mesir,  
keur waktoe djaman harita,  
radjana teh nabih Enoh,  
nja kitoe radja kawasa.  
Naon anoe pangersa,  
geus tinangtoe bae kaboel,  
koe kersa noe Mahamoelja.

18

Djadi rea anoe ngiring,  
ngalampahkeun sareatna;  
tina noesa-noesa sedjen,  
sakoemaha parentahna,  
geus tangtoe dipilampah,  
koe sakoer anoe geus taloek,  
ngalampahkeun sareatna.

19

Aja anoe henteu ngiring,  
ngalampahkeun, agamana,  
sareatna nabi Enoh,  
nja eta Ratoe poesaka, (Ratoe Galoeh)  
reudjeung balad-baladna.  
Kabeh teu aja noe anoet,  
eta pirang-pirang radja.

20

Nabi Enoh enggeus ngarti.  
Rehna pirang-pirang radja,  
soemawonna sedjen poelo,

noe teu anoet ka andjeunna,  
ngalampahkeun sareat.  
seug nabi Enoh noenoehoen,  
nenèda ka Goesti Allah:

21

„Ja Allahoe, ja hoe Robbi,  
Goesti Allah noe kawasa,  
Pangeran alam sakabeh,  
abdi neda ditoeloengan;  
sakersa, Goesti Allah  
sadaja anoe teu noeroet,  
moegi diparin hoekoeman”.

22

Aja soeara ti langit:  
„Enoh oelah djadi maras,  
perkara pamenta maneh,  
tangtoe kami teh noeloengan,  
tapi koedoe sadia,  
doenja rek didjieun laoet,  
maneh njadiakeun kapal.”

23

Sadia kapal geus rapih,  
ladjeng mantjat sabaladna.  
.....

24

Toeloj katjarita deui,  
lampahna Ratoe poesaka.  
Doemadakan bae kaget,  
taja anoe ngabedjaän,  
jen rek dirëndem doenja;  
sakédap geus njipta goenoeng,  
loehoerna kabina-bina.  
.....

Lantaran sieun kakelem K. Radja sareng  
abdi-abdina moeboes ka goenoeng.”  
.....

28

Gantjang, kersaning Jang Widi,  
doenja geus djadi sagara,  
goenoeng-goenoeng eta kabeh,  
teu aja noe katingalan.

INDO

108

Ngan kari Goenoeng Padang,  
djeung eta Goenoeng Galoenggoeng  
anoë masih katingalan.

29

Nëdëngna lilana tjai,  
itoeng peuting djeung beurangna,  
meunang opat poeloeh poë.

Tjai soeroed, sadajana laloengsoer ti  
goenoeng.

33

Boedal ka pakoeon patih,  
Ratoe mëpëdék di dinja,  
sarëng balad-balad kabeh.  
Teu ditjatjoer di djalanna.  
Ajeuna ënggeus dongkap,  
ka pakoeon noe didjoegdjoeg,  
ngaran lëmboer Bodjong lopang.

K. Radja nimbalan nèangan pinagaraeu.

## II. Poepoeh Kinanti.

37

Neangan roepana batoe,  
pandjang roebakna pasagi,  
batoe noe bodas roepana.  
„Di mana bae nja manggih,  
di dinja pikeun nagara,  
keur tjarita anoë gaib.”

Patih mendak tempat, ladjeng ngadeg  
nagara anjar.

48

Disëboetna Bodjong Galoeh.  
Nagara aloes teh teuing,  
disisi koe pagër bata,  
sarta kakëpoeng koe tjai.  
Keur Ratoe di Bodjong lopang,  
goenoeng roegroëg boërak-barik.

49

Dipanah koe gëlap sewoe,  
batoena patingsalëwir,

ragragan ka poelo lian;  
noë ragrag di dieu-deui,  
djadi sagala poesaka,  
marga tina goenoeng tadi,  
.....

K. Ratoe garwaan salapan, toedjoeh wi-  
dadari sareng doea istri geulis.  
.....

58

Kotjap deui garwa Ratoe,  
eta anoë doea deui,  
anoë ti bangsa manoesa,  
Sangradja Komala sari;  
ti dinja kagoengan poetra.  
Hariang banga boepati.

59

Hidji deui garwa Ratoe,  
kakasih Pramana sakti;  
ti dinja kagoengan poetra,  
Sangiang Maradja sakti.  
Geus toetoeg tjarita poetra,  
njarioskeun sanes deui.

## IV. Poepoeh Pangkoer.

60

Ajeuna noe katjarita,  
di nagara eukeur sing saroea djadi,  
noë disëboet Bodjong Galoeh  
teu aja kakoerangan.  
Nanging eta ajeuna teh kangdjëng Ratoe  
aja manah bade angkat,  
keur badami reudjeung patih.

61

Toeloëj njaer ka ki Bondan:  
„eh, ki Bondan, koe maneh aing teh  
[ ganti.

kami rek noeloëjkeun lakoe.”  
Seug Ratoe ladjëng ngasta,  
lelepenna sotja loedira ditjaboet,  
dilaän tina tanganna.  
Koe ki Bondan geus ditampi.

62

Ladjëng dianggo koe Bondan,  
Ari sanggeus ki Bondan teh nganggo  
[tjingtjin.

11 1204

109

roepana djeg warna Ratoe,  
anoe lian kasamaren  
sagala tingkah, polah, lampah, lakoe,  
oetjap, lengkah, boedi basa,  
taja noe geseh saeutik.

63

Ratoe leungit teu karoehan.  
Kitoe deui ngaran Bondan enggeus leu-  
[ngit

kabeh djalma njäboet ratoe.  
Pangrasa teu kapalingan;  
poetra, garwa kabeh oge kaliroe.  
Taja djalma noe oeninga,  
ngan Bondan bae pribadi.

64

Eta ratoe kërsa njandak,  
hidji istri anakna Empoe Andjali,  
anoe ngaran Njai Oedjoeng,  
Njai Oedjoeng sékar djingga.  
Saënggeusna ratoe njandak Njai Oe-  
[djoeng,  
nagri kataradjang roeksak,  
langkoeng rea anoe gëring.

65

Pantës eta rada panas,  
dene eta pirang-pirang anoe gëring  
oenggal poë teu kaitoeng,  
sabab koe tina reana.  
Anoe pae, noe sakarat ongkoh ngoe-  
[boer;  
pasaran hänteu kabilang,  
geus beureum bae di pasir.

66

Ratoe gantjang seug nimbalan:  
„maneh, patih, ajeuna teh geura indit,  
ngaronda ka lëmboer-lëmboer,  
soegan aja noe kaliwat,  
di djro desa atawa di djro lëmboer,  
noe teu keuna koe sasalad;  
soekoer, patih, lamoen manggih.”

67

Kiai patih tjedok njëmbah:  
„noehoen, goesti, djisim abdi hatoer pa-  
[mit,

njoehoen pangestoe djëng ratoe!”  
„Eh, patih, masing jatna.”  
Toeloej leumpang patih djeung sabatoer-  
[batoer,  
para amtënar sadaja,  
lëbe reudjeung djoeroe toelis.

68

Mapaj ka oenggal nagara.  
tëpis wiring paminggir para boepati,  
toeloej ka koewoe Tji-boengoer.  
Arina datang ka dinja,  
ningalian ka oenggal imah teu nimoe,  
teu aja anoe moeriang.  
ki patih ngahoelëng tjitjüng.

69

Seug mariksa ka koewoena:  
„paman loerah, kami bët heran teh  
[teuing,  
na koemaha nja panëmoe,  
mana salamët sorangan;  
kami ngidër teu ngadenge gërang-gé-  
[roeng.  
Aki, koemaha doana,  
tjing kami bere mangarti”.

70

Koewoe Tji-boengoer hatoeran:  
„noen, djoeragan, oepami hojong tingali,  
kawit abdi teh toetoelep,  
henteu mendak-mendak atjan  
boroampar kënging roepi bangsa ma-  
[noek;  
ladjëng mëndak ganggarangan,  
dioedag loempat ka pasir.”

71

„Seug koe abdi diboroan.  
Ladjëng loempat ganggarangan teh koe  
[tarik.  
Diboeroe loempat ka goenoeng.  
Di dinja mëndak adjar.  
Seug ngalahir adjar teh: „oelah di-  
[ganggoe,  
eta ingon-ingon oerang.”  
„Sinarëng lahirna deui:

„maneh teh sing mangka jatna,  
tangtoe djaga kadatangan koe panjakit,  
sanagara meh rek toempoer.”

Ladjeng abdi teh hatoeran:  
tjing koemaha, koering hajang oelah  
[kitoe,  
sabatoer koering sadaja,  
njoehoenkeun oelah kasabit.

„Panjakit mangkana njingkah,  
oelah koengsi dongkap ka lémboer sim  
[koering.”

„Geus kitoe, adjar teh njaoer:  
„hade, maneh diberean;  
ieu tektek beuweung toeloj sémboer-  
[sémboer

kabeh ka opat madahab  
reudjeung ka langit ka boemi.”

„Eta sakitoe, djoeragan,  
keur poerwana salamét sadesa abdi.”  
Ki patih tjéngkat ngadangoe,  
pioendjoekna aki tea.

Aki koewoe Tji-boengoer hatoeran kitoe,  
patih ladjeng enggal moelang,  
rek hatoer ka kangdjéng goesti.

Teu ditjatoer didjalanna.  
Raden patih eukeur ngadeuheus ka goes-  
[ti,

sarta bari hatoer goegoep:  
„sim abdi énggeus méndak,  
hidji desa, lémboer ki koewoe Tji-boe-  
[ngoer,

salamét tina sasalad,  
taja hidji anoe gering.”

Sangradja ladjeng ngandika:  
eta naon sababna, rahaden patih?”  
Ki patih seug oendjoek hatoer,  
pihatoerna ka sang radja,  
dioendjoekkeun sapihatoer koewoe Boe-  
[ngoer

Ratoe ngarendjag manahna,  
ka adjar béndoe teh teuing.

„Patih, maneh geura leumpang,  
mawa batoer, bopati djeung para man-  
[tri.  
ngadjoegdjoeg ka eta goenoeng,  
adjar teh koe maneh ogan,  
sing kabawa iringkeun koe batoer-ba-  
[toer.”

gantjangna ki patih mangkat,  
bareng reudjeung para mantri.

Geus dongkap ka Goenoeng Padang,  
toeloj tjalik djeug adjar geus papang-  
[gih.

„Adjar, sampean disaoer.  
koe ratoe; koedoe gantjang.”  
Pihatoerna ki adjar teh ngan sakitoe:  
„soemangga, ngiring pangérsa.  
nanging niat djisim abdi,


„rek njanggakeun beubeunangan,  
roepi dodol, bawang djeung kembang  
[saroni,  
kembang malati satjoengtjoeng,  
koneng témén sarempang,  
reudjeung deui reundeu asalna ti Goe-  
[noeng.”

Toeloj miang sarerea;  
ngagoeroeh sora noe ngiring.

Teu ditjatoer pangangona,  
da geus ngarti sapanganggo boepati,  
saperti ajeuna kitoe,  
moal aja bedana.  
Toenda heula ajeuna anoe loemakoe.  
Ratoe kersa njieun gagat,  
ngadangdanan hidji selir.

*Aja samboanganana.*





**Bintang emas**

Hidji djalan geusan panggoegah kaboe-djanggaan!

Hidji djalan geusan panghoedang ka toekang ngarang!

Kadjabi ti pasang-giri (saèmbara) ajeuna aja deui pangdjoeroeng, pangdeudeul pamakajakeun pamakihikeun Java-Instituut, nja èta baris ngabintangan boekoe Soenda anoe kapilih pangsaèna, boekoe saha baè, kaloearan atawa tjitakan mana baè, henteu tolih, sok moen aloes, basana aloes **oengkarana**, anoe keuna anoe ninggang kana enjana, merenah dina rasana oedagan Java-Instituut. Dibintanganana koe hadiah artos f 500,— èstoe woengkoel hadiah gandjaran, panambah kaentoeangan ka anoe kagoengan damel, ka anoe ngarangna:

**LIMA RATOES ROEPIAH.**

Toer ka anoe kagoengan damel henteu

aja pisan naon-naona, ieu mah nawoekoe nambahhan oentoeng, tawis bingah pangdjoeroeng lakoe.

Proeng geura ngarang!

Perloe diaos ieu serat bèwarana ti Hoofdbestuur Java-Instituut.

**SERAT BEWARA.**

Hoofdbestuur Java-Instituut parantos sabiloeloengan nangtoskeun jèn dina oenggal-oenggal taoen, baris ngahatoerkeun hadiah (gandjaran) ka noe ngarang boekoe-boekoe basa Soenda, Djawa, Madoera sareng Bali anoe katimbang saè basana saè **oengkarana**.

Oenggal taoen pikeun sahidji-hidjina basa tèa disajagikeun artos f 500,— (Lima ratoes roepiah), anoe baris dihadaiahkeun boh sadajana boh ngan sabagian baè.

Soegri anoe kagoengan karangan, atanapi anoe ngaloearkeunana oepami hojong ngiring kana ieu balap hadiah, kedah ngintoenkeun boekoena tèa ka Secretaris Java-Instituut Laan Wiechert 13 Weltevreden.

